



**Metallic
Mercury
Vidajan
Pwazon**

Remèsiman

Nou ta renmen remèsye Konsèy sou Koze Sante Moun Panyòl Vil Hartford (Hispanic Health Council of Hartford) nan Eta Konektikèt, ak tout Biwo Epidemyoloji ak Anviwonman nan Depatman Sante ak Adiksyon Eta Konektikèt la tou pou enfomasyon enpotan ke yo bay nan liv ke yo te ekri sou koze vidajan an. Liv sa yo te ede nou anpil ekri ti liv sila. Nap remèsye tou tout moun ki te pran tan yo pou yo te revwa ti liv sa a pou nou.


Ti liv sa a te ekri pa Natasha Dwamena, Nancy Jeffery, ansanm ak Lori Stenvenson ki nan Biwo Prevansyon Maladi Anviwonman ak Okipasyon nan Depatman Sante Vil Nouyòk la. Anpil mesi tou pou Biwo Zafè Kiltirèl nan Depatman Sante Vil Nouyòk la ansanm ak Alexandra Ternier pou èd yo nan tradwi ti liv sa a.

KI SA VIDA JAN YE ?

(Yo rele vidajan "quicksilver" an Angle ak "Azogue" nan lang Panyòl)

Vidajan se fè mèki: li se yon metal likid koulè ajan ki ka fè moun malad grav.

- ◆ Li pa fonn nan dlo ak alkòl.
- ◆ Li pa gen koulè men li gen gou fè.
- ◆ Li se yon likid ki bay vapè nan tanperati nòmal.
- ◆ Si li tonbe yon kote li ka rete la pou plizyè mwa.
- ◆ Li tounen vapè le li vante.
- ◆ Moun pa ka wè vapè yo lè yap sikile nan yon kay



TOUT SÒT VIDA JAN KA BAY MALADI

Nou ka jwenn vidajan nan temomèt ke yo itilize pou pran tanperati moun malad, nan penti kay (sak ki fèt anvan ane 1991), nan bouton elektrik la kay nou, ak nan pil (batri). Yo vann vidajan nan boutik botanika yo nan ti grenn ki peze jiska 3 a 5 zons pou sèvis relijye.



Ti grenn vidajan yo ka gen jiska 10 fwa plis valè vidajan ki nan yon temomèt.

Vapè vidajan pi lou ke lè a, se pou tèt sa vapè sa yo renmen konsantre a tè. Ti moun piti ka pi vit kontre ak pwazon sa a paske yo renmen rale ak jwe a tè.

POU KI SA YO SÈVI AK VIDA JAN ?

Gen moun ki sèvi ak vidajan pou fè sèvis relijye tankou:

- ◆ pou netwaye oswa pwoteje kay yo
- ◆ pou geri maladi lestomak
- ◆ pou netwayaj espartyèl
- ◆ pou pwoteksyon pèsònèl ak chans
- ◆ pou fè ofrand bay lwa
- ◆ pou koze lanmou

Nan sèvis relijye yo;

- ◆ yo mete vidajan nan dlo pou lave kay
- ◆ yo pase l' sou po oswa mete l' nan beny
- ◆ yo bwè l'
- ◆ yo mete l' kòm lwil nan lanp oswa balèn
- ◆ yo mete l' nan ti boutey piti pou moun mache ak li sou yo.



ESKE MOUN KA SÈVI AK VIDAJAN SAN YO PA MALAD ?

NON! Moun ka respire vapè vidajan tout lè fwa ke yo sèvi ak li.

→ Vidajan danjre anpil lè yo respire l', vale l', oswa pase l' sou po.

→ Vidajan ka kole sou tapi kay nou, rido, mèb, ak nenpòt ti kwen nan kay la, e lap rete la pou anpil tan.

→ Moun pa konnen lè yap respire vapè vidajan yo paske vapè sa yo pa gen odè.



KOUMAN VIDAJAN FÈ MOUN MALAD ?

→ Vapè vidajan ka rete nan
kò yon moun pou anpil tan.

Vapè sa yo al chita nan ren ak sèvo moun
nan. Li domaje pati sèvo ak nè yo plis ke lòt
pati nan kò moun nan.

→ Vidajan fe sèvo ak ren moun pa
fonksyone byen. Li ka kokobe gran moun, ti
moun, ak ti bebe nan vant; li ka menm koze
lanmò.

→ Plis tan yon moun fè ap respire vapè
vidajan se plis moun sa a ap malad.

Men sentom moun ka genyen:

- ◆ tranbleman
- ◆ chimè ak timidite
- ◆ bouch ak jansiv wouj ki anfle
- ◆ pèt memwa
- ◆ tèt fè mal
- ◆ fatig ak pa ka dòmi
- ◆ dekourajman
- ◆ pèt apeti ak megrisman
- ◆ maladi zye ak po
- ◆ pa ka respire byen ak lanmò (nan ka ki
grav yo)

→ Li pran tan pou moun ki te respire vapè vidajan vin malad. Se pou tèt sa doktè paka wè fasilman ki sa moun sa yo genyen.

→ Si ou gen nenpòt nan sentom nou sot site yo, fè doktè kap trete w' la konn sa.



Kouman Vidajan fè Timoun Malad

Vidajan pi afekte ti bebe nan vant ak ti moun piti.



Vapè ki antre anndan yon fanm ansent ka menm rive jwenn ti bebe k'ap devlope nan vant la. Ti moun ki bwè lèt tete ka pran anpazonman sa a tou nan lèt manman si manman an kontamine.



Ti moun ki rale ak sa ki jwe a tè ka pran nan pwazon sa tou si yo te simen vidajan nan kay la. Ti moun sa yo ka vin kokobe a koz de sa. Yo ka gen pwoblèm konpòtman e yo pap ka aprann byen lekòl.

Ti moun ki pi piti yo ka gen pwoblèm sa yo pi vit.

Ti moun anpwazonen ak vidajan pi fasil ke granmoun. Gen ti moun ki ka devlope yon maladi ki rele "acrodynia" ou byen "maladi woz."

Men Sentom Maladi Woz la Kay Ti Moun Yo:

- ◆ lakramp nan janb
- ◆ rechinya
- ◆ paralizi ak kò pike
- ◆ dwèt ka fè yo mal
- ◆ men, pye, ak nen k' ap dekalè
- ◆ kò grate
- ◆ yo swe anpil
- ◆ yo pa ka gade gwo limyè



AK KI SA MOUN KA SÈVI NAN PLAS VIDAJAN ?


Boutik botanika yo gen lòt bagay moun ka itilize.

Gen liv nan botanika yo ki gen lot bagay moun ka itilize nan plas vidajan. Nou ka mande doktè fèy yo pou bagay sa yo.

KOUMAN POU MEZIRE VALÈ VAPÈ VIDAJAN KI ANTRÈ ANDAN YON MOUN, AK VALÈ KI NAN LÈ LAKAY YON MOUN ?

Sèl jan moun ka konnen valè vapè ki nan yon kay se lè yo mezire lè nan kay la ak yon ti aparèy espesyal. Pou enfomasyon sou sa rele Depatman Sante Nouyòk la.

Gen tès laboratwa moun ka fè pou wè si yo te kontamine ak vidajan. Tès sa yo fèt nan san ak pipi moun. Tès pipi a se li ki pi bon pou moun ki te ekspoze a vidajan. Si ou ta bezwen fè tès sa yo, kontakte yon doktè oswa Depatman Sante Vil Nouyòk la.



KOUMAN POU MOUN NETWAYE VIDAJAN LA KAY YO

Lè vidajan tonbe yon kote, li fè yon bann ti boul ki roule toupatou nan kay la. Ti boul sa yo al kole nenpòt kote e antre nan tout fant nan kay la.



Pa sèvi ak bale, mòp, ak vakyòm lakay nou pou netwaye vidajan. Bagay sa yo ap epapiye vidajan nan kay la pi plis. Lè chalè vakyòm kontre ak vidajan, vidajan bay yon pakèt vapè ki ka FÈ MOUN MALAD GRAV.

Pa jete vidajan nan basen, zenk, ak twalèt la kay nou paske vapè yo ka retounen nan kay la.

Nou ka netwaye vidajan si se selman yon ti kras ki tonbe sou yon bagay di tankou siman, bwa, ak mozayik. Men si li tonbe sou bagay ki ka bwè lwil la tankou tapi, ak mèb an twal, nou dwe jete bagay sa yo osinon netwaye yo ak savon espesyal ki fèt pou netwaye vidajan menm.



Si anpil vidajan (plis ke valè ki nan yon tèmomèt) tonbe yon kote, nou pa dwe chache netwaye l' pou kont nou.

Menk jan pou nou netwaye kay nou si selman yon TI KRAS vidajan tonbe yon kote

- Fè tout timoun ak bèt soti kote vidajan an ye a.
- Retire tout bijou lò ke nou gen sou nou. Vidajan an ka gate bijou sa yo.

Men sa pou nou fè:

1. Rasanble tout bagay sa yo: 4 a 5 sachè plastik ki ka femen di, 1 gwo sachè plastik, gan an plastik oswa kawoutchou, papye napkin, kèk moso katon, 1 konn gout, yon woulo adezif laj, ak yon flach.

2. Mete gan yo.
3. Fè atansyon si gen moso boutèy a tè a. Ranmase moso boutèy sa yo ak anpil prekosyon. Mete yo sou papye napkin nan epi mete yo nan yon sachè plastik anvan nou jete yo.
4. Rasanble tout ti boul vidajan yo sou yon moso katon. Chache ti boul yo byen ak flash la paske yo ka kache nan tout ti kwen ak fant a tè a.
5. Ranmase ti boul yo ak konn gout la epi vide yo sou yon papye napkin ki mouye ak dlo. Apre sa mete papye a nan yon sache plastik tou anvan nou jete l'.
6. Ranmase rès moso boutèy yo ak rès ti boul yo ak moso adezif la, bò ki kole a. Lè nou fini, mete adezif la nan yon sache tou.
7. Lè nou fin ranmase tou sa ki a tè a mete tout moso katon yo nan sachè plastik tou e fèmen sache a byen di.
8. Retire gan yo ak ampil prekosyon pou bò ki sal pa kole ak po nou. Mete yo nan yon sache plastik.
9. Fèmen tout sachè plastik sa yo byen di anvan nou jete yo nan fatra.

→ Li konseye pou nou ouvè fenèt nan chanb kote vidajan tonbe a pou fè lè antre ladann apre nou fin netwaye. Fè lè antre nan chanb sa a pandan 24 a 48 è.

→ Pa pase vakyòm nan chanb sa a pandan 2 a 3 jou apre netwayaj la. Anvan nou vakyòm chanb nan, nou dwe tcheke si pa gen ti boul vidajan ki te rete a tè a.

Li pa fasil pou retire tout vidajan ki tonbe nan yon kay, sitou si li tonbe nan fant bwa, ak mozayik.

Gen bagay espesyal yo vann pou netwaye vidajan. Nou ka jwenn bagay sa yo nan magazen ki vann pwodwi izin ak laboratwa. (Gade nan anyè nan seksyon "environmental and ecological product and services" oswa nan seksyon "laboratory safety services" pou magazen sa yo.)

Si gen anpil vidajan ki tonbe on kote (plis ke kantite ki nan yon tèmomèt), e ou ta renmen netwaye l', Depatman Pwoteksyon Anviwonman nan Vil Nouyòk la ka resikle vidajan sa a. Tanpri kontakte depatman an soti lendi rive vandredi de 9 è di maten a 5 è de laprèmidi nan nimewo (718) 595-4784.

Si gen anpil vidajan ki tonbe lakay ou oswa nan yon boutik, tanpri rele Sant Kontwòl Pwazon ki nan Depatman Pwoteksyon Anviwonman nan Vil Nouyòk la.

Depatman Sante Vil Nouyòk
Sant Kontwòl Pwazon
212-764-7667 (24 è sou 24)

Depatman Pwoteksyon Anviwonman
718-DEP-HELP (24 è sou 24)

POU PLIS ENFÒMASYON

Si nou ta renmen gen plis enfòmasyon sou maladi ke vidajan bay ak kouman pou nou netwaye l', rele Depatman Sante Vil Nouyòk la. Si nou ta renmen konnen kouman pou'n retire yo gwo kantite vidajan ki tonbe yon kote, telefone depatman pwoteksyon anviwonman Nouyòk la (New York City Department of Environmental Protection). Nou ka pale ak doktè nou tou de sa, osinon nou ka mande doktè fèy yo pou banou lòt bagay pou n' sevi nan plas vidajan.

Pou enfòmasyon sou maladi ak netwyaj vidajan rele:

NEW YORK CITY DEPARTMENT OF HEALTH
Bureau of Environmental and Occupational
Disease Prevention
125 Worth St., CN-34C
New York, NY 10013
(212) 788-4290 (De Lendi a Vandredi, de 9 è a 5
è)

NEW YORK CITY DEPARTMENT OF HEALTH
Poison Control Center
455 First Ave., CN-81
New York, NY 10016
(212) 764-7667 (Chak jou 24 è sou 24)

Pou enfòmasyon sou resiklaj vidajan rele:

NEW YORK CITY DEPARTMENT OF
ENVIRONMENTAL PROTECTION
Department of Emergency Response and
Technical Assessment
(718) 595-4784 De Lendi a Vandredi (24 è sou 24)

Si nou gen anpil vidajan ki tonbe yon kote rele:
(718) DEP-HELP (24 è sou 24)

THE CITY OF NEW YORK
DEPARTMENT OF HEALTH



Michael R. Bloomberg
Mayor

Thomas R. Frieden, MD, MPH
Commissioner

nyc.gov/health